

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Metode Panalungtikan**

Steven Dukeshire jeung Jennifer Thurlow dina (Sugiyono, 2021, kc. 2) nyatakeun yén “*research is the systematic collection and presentation of information*”. Panalungtikan mangrupa cara nu sistematis pikeun ngumpulkeun data jeung ngaprésentasikeun hasilna. Dina buku nu sarua, Creswell (Sugiyono, 2021, kc. 2) ngébréhkeun yén: *research methods involve the form of data collection, analysis, an interpretation that research proposes for the studies*”. Métode panalungtikan mangrupa proses kagiatan dina wangun ngumpulkeun data, analisis, jeung méré interprétasi nu patali jeung udagan panalungtikan. Cindekna, métode panalungtikan téh mangrupa cara *ilmiah* pikeun menangkeun *data* dumasar *tujuan* jeung *kegunaan* nu tangtu (Sugiyono, 2021, kc. 2). Ku sabab kitu, pikeun ngahontal udagan panalungtikan mikabutuh téhnik atawa métode pikeun panalungtikan.


Ieu panalungtikan téh mangrupa panalungtikan nu ngagunakeun pamarekan kualitatif. Lian ti éta, pamarekan ieu dipilih dumasar pamadegan Sugiyono (2021, kc. 17) nu medar yén pamarekan panalungtikan kualitatif téh ilahar disebut panalungtikan étnografi ku sabab sok digunakeun dina panalungtikan antropologi budaya. Dina sumber séjén, pamarekan kualitatif téh mangrupa salasahiji prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif mangrupa ucapan atawa tulisan jeung paripolah jalma anu keur ditalungtik (Tersiana, 2018, kc. 9).

Ku sabab kitu, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Métode ieu mampu ngahasilkeun uraian nu jero ngeunaan ucapan, tulisan, atawa paripolah nu bisa ditalungtik ti hiji individu, kelompok, masarakat, atawa organisasi nu dikaji tina puseur implengan utuh, komprehensif, jeung holistik (Tersiana, 2018, kc. 10). Métode déskriptif ogé museur kana jawaban panalungtikan ngeunaan saha, naon, dimana jeung kumaha hiji kajadian atawa pangalaman nembrak nepi ka dikaji sacara jero pikeun maluruh pola-pola nu muncul dina kajadian éta

(Yuliani, 2018, kc. 83). Cindekna, métode panalungtikan kaulilatif déskriptif téh mangrupa hiji cara pikeun ngadéskrripsikeun pasualan anu sipatna ilmiah

### 3.2 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan atawa rarancang pikeun nalungtik, kudu dijieun heula saméméh ngalaksanakeun panalungtikan. Nurutkeun Herdayati & Syahrial, (2019, kc. 2) désain panalungtikan miboga harti rancangan atawa susunan kagiatan pengumpulan, pengolahan, analisi, jeung nyajikeun data anu dilakukeun sacara sistematis jeung objéktif, pikeun matotoskeun hiji pasualan atawa nguji hiji hipotésis pikeun mekarkeun prinsip umum. Anapon désain panalungtikanana digambarkeun ku ngagunakeun bagan.



**Bagan 3.1**

Desain Panalungtikan

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa bagéan anu paling penting dina désain panalungtikan, ku sabab lamun jejer panalungtika geus disapukan pikeun ditalungtik, mangka panalungtik geus bisa ngamimitian ngumpulkeun data (Herdayati & Syahrial,

2019, kc. 3). Dina panalungtikeun ieu aya dua tahap téhnik anu dipaké, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

### **3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data**

Dina ieu panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data nu digunakeun nyaéta studi pustaka. Nurutkeun Sugiyono (2021, kc. 314) studi pustaka nyaéta panglengkep panalungtikan ku sabab, hiji panalungtikan bisa disebut kredibel jeung kapabel lamun diwuwuhan ku sumber-sumber akademik. Studi pustaka téh dilaksanakeun ku cara maluruh data tina sumber-sumber ilmiah atawa literér. Anapon léngkah-léngkahna nyaéta: (1) néangan sumber data, (2) maca naskah, (3) ngaidéntifikasi masalah, jeung (4) ngarumuskeun masalah.

### **3.3.2 Téhnik Ngolah Data**

Dina ieu panalungtikan digunakeun téhnik analisis pikeun ngolah data panalungtikan. Analisis mangrupa cara nu dilaksanakeun kalawan milah-milah atawa ngawincik-wincik data sangkan bisa ditepikeun ka jalma séjén (Moleong, 2022, kc. 248). Anapon data nu dipaluruh tina ieu téhnik téh nyaéta struktur carita jeung unsur-unsur antropologi sastra dina novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri.

## **3.4 Instrumén Panalungtikan**

Nasution (2016, kc. 64) medar instrumén panalungtikan bisa dihartikeun salaku alat pikeun ngumpulkeun, ngolah, jeung nganalisis, jeung nyajikeun data-data sacara sistematis sarta objéktif kalawan udagan matotoskeun hiji pasualan atawa hipotésis. Jadi, kabéh alat nu ngarojong kana hiji panalungtikan bisa disebut instrumén panalungtikan. Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta mangrupa tabél jeung kartu data digital nu dijéntrékeun luyu jeung idéntitasna.

### **3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data**

Sangkan dina maluruh data téma jadi leuwih babari, digunakeun kartu data digital mangrupa tabél. Ieu kartu data digital téh dieusian luyu jeung data anu dipaluruh.

**Tabél 3.1**

Kartu Data Digital Téma

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri*  
(Ulukan Struktural jeung Antropologi Sastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Pasulan	Cutatan	Kode
(1)	(2)	(3)	(4)

Pikeun maluruh data ngeunaan latar, digunakeun wangun model kartu digital nu méh sarua. Bédana palebah ieu mah nu dianalisis téh nyaéta data ngeunaan kamekaran carita nu némbongkeun salasihiji téhnik galur carita.

**Tabél 3.2**

Kartu Data Digital Fakta Carita

No.	Latar Tempat/Waktu/Sosial	Cutatan	Kode
(1)	(2)	(3)	(4)

Ieu kartu data latar, maluruh ngeunaan tilu warna latar, nyaéta latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Kartu datana méh sarua jeung anu saméméhna.

**Tabél 3.3**

Kartu Data Digital Sarana Sastra

No.	Gaya Basa	Cutatan	Kode
(1)	(2)	(3)	(4)

Ieu mangrupa conto maluruh data téma, fakta carita jeung sarana sastra tina novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri dilengkepan ku kode datana.

**Tabél 3.4**

Conto Data Téma

No.	Pasulan	Cutatan	Kode
(1)	(2)	(3)	(4)
P1	Sapasang panon tukangeun panjak.	Ngadéngé nu lalajo tingcorowok, Si Ujang nyelang ngalieuk ka pakalangan. Teu pupuguh haténa nyiak nyeueung sapasang panon lebah nu	DKP/SC/P1/22

		rada linduk tukangeun panjak, kawas nyérangkeun ka lebah manéhna.	
--	--	---	--

Keterangan data

Kode : DKP/SC/P1/25  
 DKP : Dina Kalangkang Panjara  
 SC : Struktur Carita  
 P1 : Nuduhkeun pasualan kahiji dina carita  
 25 : Data nu dipaluruh tina kaca 25

**Tabél 3.5**

Conto Data Fakta Carita

No.	Latar Tempat/Waktu/Sosial	Cutatan	Kode
(1)	(2)	(3)	(4)
1.	Rumah Sakit	Rénghap waé nu anyar datang ti rumah sakit téh, teu lémeék teu nyarék, kawas nu kabur pangacian.	DKP/FC/L1/40

Keterangan data

Kode : DKP/FC/L1/40  
 DKP : Dina Kalangkang Panjara  
 FC : Fakta Carita  
 L1 : Latar Tempat  
 40 : Data nu dipaluruh tina kaca 40

**Tabél 3.6**

Conto Data Sarana Sastra

No.	Gaya Basa	Cutatan	Kode
(1)	(2)	(3)	(4)
1.	Ngupamakeun	Ngadadak jempling kawas di nagara keuna ku tenung.	DKP/SS/GB/45

Keterangan data

Kode : DKP/SS/GB/45  
 DKP : Dina Kalangkang Panjara  
 FC : Sarana Sastra  
 L1 : Gaya Basa  
 40 : Data nu dipaluruh tina kaca 45

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
 (Ulukan Struktural jeung Antropologi Sastra)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Unsur-unsur antropologi sastra anu nyampak dina novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri dijieun tabél saperti kieu.

**Tabél 3.7**

Conto Kartu Data Digital Antropologi Sastra

No.	Antropologi Sastra	Cutatatan	Kode
1.	Mangsa Heubeul		
2.	Kaarifan Lokal		
3.	Folklor		
4.	Mitos		

Ieu mangrupa conto maluruh data unsur-unsur antropologi sastra tina novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri dilengkepan ku kode datana.

**Tabél 3.8**

Conto Data Unsur Antropologi Sastra

No.	Antropologi Sastra	Cutatatan	Kode
1.	Mangsa Heubeul	Beuki tiis, beuki tiis haté nun tadi ngagolak téh. Ras waéh inget deui kan piwuruk Mantri Rumah Sakit, nu meper napsuna baréto. Haténa ngajerit, neda pangjaring Nu Mahasuci.	(DKP/AS/MH/42)

Keterangan data

Kode : (DKP/AS/MH/42)  
 DKP : Dina Kalangkang Panjara  
 AS : Antropologi Sastra  
 MH : Mangsa Heubeul  
 40 : Data nu dipaluruh tina kaca 42

### 3.4.2 Instrumén Ngolah Data

#### 3.4.2.1 Kartu Data Analisis Struktur Carita

1) Téma

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
 (Ulukan Struktural jeung Antropologi Sastra)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sanggeus maluruh datana, téma dina ieu carita téh dianalisis dumasar kana cutaatan nu kapanggih dina eusi novelna.

**Tabél 3.9**

Kartu Analisis Téma

<b>Kartu Analisis Téma</b>	
Pasualan:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

2) Fakta Carita

Data-data fakta carita nu ngawengku galur, palaku, jeung latar téh dianalisis dumasar cutaatan nu kapanggih dina novel. Éta cutatan disusun sacara rapih luyu jeung data séjénna.

**Tabél 3.10**

Kartu Analisis Fakta Carita

<b>Kartu Analisis Fakta Carita</b>	
<b>(Galur, Palaku jeung Panokohan, Latar)</b>	
Ngaran Latar:	
Cutatan:	
	(Kode Data)

3) Sarana Sastra

Ieu kartu analisis digunakeun pikeun nganalisis unsur-unsur sarana sastra kayaning judul, puseur implengan, jeung gaya basa nu dipaké dina carita.

**Tabél 3.11**

Kartu Analisis Sarana Sastra

<b>Kartu Analisis Sarana Sastra</b>	
<b>(Judul, Puseur Implengan, jeung Gaya Basa)</b>	
Ngaran Gaya Basa:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

Kartu Analisis Sarana Sastra

### 3.4.2.2 Kartu Analisis Antropologi Sastra

#### 1) Mangsa Heubeul

Sangkan leuwih jéntré dina medarna, digunakeun ieu kartu analisis téh pikeun nganalisis unsur mangsa heubeul.

**Tabél 3.12**

Kartu Analisis Mangsa Heubeul

<b>Kartu Analisis Mangsa Heubeul</b>	
Judul Novelet:	
Cutatan:	
	(Kode Data)
Analisis:	

#### 2) Kaarifan Lokal

Analisis unsur kaarifan lokal dilaksanakeun méh sarua jeung analisi unsur-unsur liana, nyaéta ngagunakeun kartu data analisis.

**Tabél 3.13**

Kartu Analisis Kaarifan Lokal



<b>Kartu Analisis Kaarifan Lokal</b>	
Ngaran Kaarifan Lokal:	
Cutatan:	(Kode Data)
Analisis:	

### 3) Folklor

Unsur folklor dina ieu panalungtikan ogé dianalisis ngagunakeun kartu data analisis.

**Tabél 3.14**

Kartu Analisis Folklor

<b>Kartu Analisis Folklor</b>	
Ngaran Folklor:	
Cutatan:	(Kode Data)
Analisis:	

### 4) Mitos

Unsur mitos nu nyampak dina ieu novel ogé dianalisis ngagunakeun kartu data analisis.

**Tabél 3.15**

Kartu Data Analisis Mitos

<b>Kartu Analisis Mitos</b>	
Ngaran Mitos:	
Cutatan:	(Kode Data)
Analisis:	

## 3.5 Data jeung Sumber Panalungtikan

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri  
(Ulukan Struktural jeung Antropologi Sastra)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Sangkan ngahontal hasil panalungtika nu rélévan, ieu panalungtikan téh moal bisa leupas tina proses maluruh dua hal, nyaéta maluruh data jeung sumber data.

### **3.5.1 Data**

Data dina ieu panalungtikan téh nyaéta struktur carita jeung unsur-unsur antropologi sastra nu nyangkaruk dina novel *Dina Kalangkang Panjara*. Struktur carita novel ngawengku téma, fakta carita (galur, palaku jeung penokohan, sarta latar), jeung sarana sastra (judul, puseur implengan, jeung gaya basa). Salian ti éta, ieu panalungtikan medar ogé ngeunaan antropologi sastra anu ngawengku mangsa heubeul, kaarifan lokal, foklor, jeung mitos.

### **3.5.2 Sumber Data**

Data nu dipaluruh sagemblengna tina eusi carita novel *Dina Kalangkang Panjara* karya Ahmad Bakri. Nurutkeun Moleong (2022, kc. 112-113) sumber data panalungtikan nyaéta subjék data anu ditalungtik. Anapon sumber data dina panalungtikan kualitatif aya (1) kekecapan jeung (2) paripolah, saleuwihna mah magrupa data tambahan saperti dokumén atawa sumber data tinulis, potrét, jeung statistik. Sumber data utama dicutat ngaliwatan cutatan tinulis atawa ngaliwatan rekaman *video audio tapes*, potrét, atawa pilem. Sedengkeun sumber data tambahan asalana tina sumber tinulis séjén kayaning buku atawa majalah ilmiah, sumber tina arsip, dokumén pribadi, jeung dokumén resmi.


#### **3.5.2.1 Idéntitas Buku**

- 1) Judul : *Dina Kalangkang Panjara*
- 2) Pangarang : Ahmad Bakri
- 3) Pamedal : PT Kiblat Buku Utama
- 4) Kandel : 174 kaca
- 5) Taun : 2001

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri*  
(*Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



**Gambar 3.1**  
Cover Buku *Dina Kalangkang Panjara*

Sacara gurat badag, novel *Dina Kalangkang Panjara* téh kaasup kana jangre misteri. Pasualan-pasualan nu dicaritakeun ku panagarang patali jeung kamunafikan manusa, kabohongan, asmara atawa napsu, ngalanggar norma katut hukum, jeung pembunuhan. Aya opat jejer roman pondok nu aya dina ieu buku, nyaéta *Dina Kalangkang Panjara*, *Kalangkang Si Jenat*, *Di Dieu Haté Téh Reureuh*, jeung *Kacaangan Ku Panékér*. Dina unggal jejerana loba perkara anu kudu disusun nepi ka kapanggih bebeneranana. Ku sabab kitu, dina unggal carita miboga pasualan nu pada-pada beurat jeung pabaliut. Nu dipedar di dieu aya opat jejer nyaéta (1) *Dina Kalangkang Panjara*, (2) *Kalangkang Si Jenat*, (3) *Di*

*Dieu Haté Téh Reureuh* jeung (4) *Kacaangan Ku Panékér*.

### 3.5.2.2 Biografi Singget Pangarang



**Gambar 3.2**  
Pangarang Sunda  
Ahmad Bakri

Ahmad Bakri lain waé kaasup pangarang Sunda produktif, tapi deuih kungsi meunang jujuluk pangarang favorit, dumasar kana hasil angkét majalah *Manglé* dina taun 80-an. Tangtu aya dasarna hasil angkét *Manglé* téh; karangan Ahmad Bakri-boh carpon boh carnyam-anu dimuat dina éta majalah loba anu mikaresep, malah sok kacida diarep-arepna.

Satamatna ti Sakola Rayat 3 taun, Ahmad Bakri neruskeun ka Schakel School (sakola sambungan) di Ciamis. Meunang sawatara bulan kungsi masantrén di Genténg jeung di Sadéwa. Taun 1937, milu keurseus montir di Bandung, tapi teu kungsi tepi ka tamat. Ti dinya digawé di PTT, tepi ka jaman Jepang.

Deni Ramdani, 2023

*Novel Dina Kalangkang Panjara karya Ahmad Bakri*  
(*Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra*)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Satutasna pengakuan kedaulatan (taun 1949), Ahmad Bakri sapiri umpi pindah ka Bandung, lantaran kaayaan di lemburna teu aman balukar gangguan gorombolan. Kungsi ngajar di SD Cicadas (1952), tuluy milu ujian persamaan SGB, ditéma deui ku KGA, anu sabada tamat diteruskeun ka B-1 Basa Sunda. Sanggeus ngantongan diploma B-1, Ahmad Bakri ditempatkeun jadi guru SPG Ciamis, nepi ka pangsiunna (1973). Ti dinya terus diangkat jadi Kepala SPG Muhammadiyah Ciamis, tapi kalah ménta diturunkeun deui jadi Wakil Kepala, sabab hayang aya waktu anu laluasa pikeun ngarang.

Karya-karya Ahmad Bakri anu geus medal mangrupa buku di antarana *Payung Butut, Rajapati di Pananjung, Sanghiang Lutung Kasarung, Srangéngé Surup Mantén, Sudagar Batik, Mayit dina Dahan Jengkol, Jurutulis Malingping, Asmaramurka jeung Bedog Si Rajapati, Ki Merebot, Kabandang ku Kuda Lumping, Nu Seungit Dipulang Asih, Dina Kalangkang Panjara, jeung Dukun Lepus.*